

---

Lekòl Piblik Boston

Rezime Jeneral Ekip Sipò  
Stratejik  
Transpòtasyon an



Ray Hart ak Willie Burroughs  
11 janvye, 2023

---

# Pwogram Reyinyon an

---



- **Rezime Jeneral**
  - **Lidèchip**
  - **Deziyasyon Elèv yo, Enskripsyon, ak Etablisman Trajè**
  - **Jesyon**
  - **Kesyon ak Repons**
-

# Divès Dekouvèt Kle Jeneral

---



- Distri a etabli divès kalandriye ak orè kotidyen pou lekòl Lekòl Piblik Boston yo (BPS) ; men pou kalandriye ak orè kotidyen lekòl ki pa Lekòl Piblik Boston se divès konsèy administrasyon gouvènans ki deziyen yo, e sa pwodui divès defi ki enkli :
    - Yon sistèm trajè Lekòl Piblik Boston ki gen 24 diferan lè klòch lekòl lematen (lè yo kòmanse), 20 diferan lè klòch nan mitan jounen an, ak 29 diferan lè klòch nan laprèmidi
    - Lekòl ki pa lekòl BPS ki pwograme demi jounen oswa jounen kote elèv yo soti bonè (« early outs ») selon pwòp jijman pa yo, san okenn konsiderasyon pou yon orè pou tout sistèm nan, ni pou resous disponib
-

# Divès Dekouvèt Kle Jeneral

---

- Regleman distri a sou deziyayson lekòl yo koz plizyè elèv travèse vil la chak jou olye pou yo ta itilize lekòl ki nan pwòp katye pa yo - ki ogmante kantite bis ki nan lari a, a nenpòt moman done
  - Pandan yon peryòd senk an, te arive gen yon ogmantasyon 70 pousan elèv ki gen plan IEP (Plan Edikasyon Pèsonalize)/504 ki egzije prezans yon siveyan (« monitor ») nan bis yo
-

# Divès Dekouvèt Kle Jeneral

---

- Vil la/Distri a anba obligasyon pou l itilize mendèv chofè spesifik la kèlkeswa vandè transpòtasyon ki te siyen kontra avèk Vil la/Distri a pou founi sèvis operasyon transpòtasyon
  - Byenke Vil la/Distri a kapab chanje vandè yo osi souvan posib, menm anplwaye premye ran yo (chofè yo, mekanik yo, manm pèsonèl operasyon), anba menm tèm ak kondisyon travay akò negosyasyon kolektif la (CBA), ke menm lidèchip sendika a ap menen, ap rete an plas e ap dikte, an trè gran pati, fason Depatman Transpòtasyon Lekòl Piblik Boston an ap opere. Sa ap rete vrè menm si Vil la/Distri a ta chanje operasyon transpòtasyon an pou fè l entèn.
-

# Lidèchip

---

# Divès Dekouvèt Kle - Elòj

---



- Lidèchip Depatman Transpòtasyon an (DoT) Solid
  - Plan Biznis Depatman Transpòtasyon an
  - Ekip jesyon DoT a sanble li vrèman konsantre e detèmine pou amelyore efikasite yo e kontwole depans yo
  - DoT te reponn a demann pou enfòmasyon, avan, pandan, e aprè vizit nan lokal la
  - Nan moman sa a gen yon orè 3-klasman pou Lekòl Piblik Boston, men se pa tout lekòl ki suiv li
-

# Divès Dekouvèt Kle - Koleksyon Done



- Inefikasite yo nan Transpòtasyon Lekòl Piblik Boston (BPS) pa dokimante bout pa bout, ni yo pa diferansye selon divès kategori itil
- Kategori ki tipikman kontwole lòt kote enkli sa suivan yo, men l pa limite a yo sèlman -
  - Tip lekòl la (BPS, charter [anba kontra], andeyò distri a, elatriye)
  - Elèv ki Transpòte Andeyò Zòn nan
  - Kantite pasaje ak to itilizasyon bis an mwayèn (ni sa ki prevwa, ni pasaje aktyèl yo parapò a kapasite bis yo)
  - Tip elijibilite (plis pase 1,5 mil [anviwon 2,4 kilomèt] distans a lekòl kote elèv la ale a, mwens ke 1,5 mil distans a lekòl kote elèv la ale a)



# Rekòmandasyon

---



- Mete sou pye yon orè klòch lekòl nan tout distrti a selon 3 klasman
  - Mete regleman yo ak pwosedi yo ajou kontinyèlman, e egzamine e mete ajou trajè yo regilyèman pou maksimize itilizasyon flòt la (itilizasyon bis yo)
  - Idantifye e kalkile opòtinite yo finansyèman pou ogmante divès efikasite nan fason n ap egzamine -
    - Distans pou mache a arè yo (« walk-to-stop distances »)
    - Distans pou mache a lekòl yo (« walk-to-school distances »)
    - Tan trajè yo an mwayèn
    - Lè pi bonè pou pase pran elèv yo
    - Kapasite bis yo ak itilizasyon plas yo (ban/chèz bis yo), ak
    - Etablisman Klasman
-

# Rekòmandasyon

---



- Ranfòse kontwòl fiskal e jesyonè entèn yo, nan fason n suiv depans yo pou chak elèv ak chak bis/chak veyikil van, pou tout sèvis founi
- Transpòte elèv sila yo ki ale nan divès lekòl ki prè youn lòt an menm tan, nan menm bis, tankou pa egzanp yon lekòl elemantè avèk yon lekòl mwayèn (lekòl entèmedyè) touprè li
- Kreye yon strateji DoT pou suiv kantite pasaje aktyèl yo pandan tout ane skolè a pou idantifye arè yo, vwayaj yo, ak wout yo nan yon fason agresif, pou konsolidasyon (pou gwoupe yo ansanm) oswa eliminasyon (pou elimine yo)
- Etabli kolaborasyon ant divès sistèm skolè andeyò BPS ki resevwa sèvis transpòtasyon pou aliye kalandriye yo ak orè yo a maksimòm pi posib la

# Deziyayson Elèv yo, Enskripsyon, ak Etablisman Trajè yo

---

# Divès Dekouvèt Kle

---



- Plan deziyasyon lekòl yo ak deziyasyon nan pwogram yo enpakte sèvis DoT yo
  - Koneksyon Sistèm Enfòmasyon Elèv la (SIS) a divès pwogram transpòtasyon
  - Planifikasyon anyèl trajè yo ant divès depatman avèk divès pati enterese
  - Wout yo bati sou elijibilite olye de kantite pasaje aktyèl an mwayèn
  - Dat final la lòske yo te voye done elèv esansyèl yo bay transpòtasyon pou kòmanse trajè ete ak trajè otòn yo sanble pa an amoni avèk bezwen yo
  - Yon mank kowòdinasyon ant edikasyon espesyal ak DoT
  - Kominikasyon SIS ant Lekòl Piblik Boston e 103 lekòl ki pa fè pati Lekòl Piblik Boston (BPS)
-

# Rekòmandasyon

---



- Amelyore kominikasyon fòmèl ant edikasyon espesyal ak DoT
  - Kòmanse yon egzaminasyon okonplè sou tout pratik ak pwosesis pou etabli trajè yo, pou idantifye divès opòtinite pou amelyore rannman trajè yo ak efikasite trajè yo
  - Reyini regilyèman avèk administratè lekòl charter yo ak administratè lekòl sila yo ki pa lekòl piblik pou n pataje divès enkyetid avèk youn lòt e amelyore kominikasyon nou
  - Itilize konfigerasyon (aranjman) trajè fen ane skolè presedan an, otan ke posib
  - Egzamine tout regleman ak pratik ki konsène etablisman trajè yo
-

# Jesyon

---

# Divès Dekouvèt Kle

---



- DESE (Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè a) te twouve ke nou pa t abòde, nan yon fason efikas, kesyon bonjan kalite sèvis transpòtasyon siperyè pou elèv Lekòl Piblik Boston yo, ni divès endikatè rannman kle ke distri a ak vandè li a te idantifye
  - DoT pa t arive lyen sant apèl telefonik modèn li a avèk vandè a, ni li pa t konsève yon moun ki pale plizyè lang pou founi yon pi wo nivo sèvis kliyan bay paran yo ak administratè yo pou lòske yon bis rate yon arè
-

# Rekòmandasyon

---

- Mete ajou e mete sou pye antyèman plan biznis okonplè a pou l gen ladan l : divès bi, objektif, standa, rannman, kontrandi, ak depans
- Kreye yon sistèm kominikasyon efikas nan tout òganizasyon DoT a, k ap enkli : divès kanal kominikasyon anwo, anba, adwat, agoch, k ap gen divès reyinyon regilye nan chak nivo, avèk divès pwogram presi, pwosè vèbal ki dokimante divès diskisyon, desizyon, ak aktivite pou fè suivi
- Rekòmanse sondaj sèvis kliyan anyèl DoT a



# Rekòmandasyon

---



- Ekip IFB a sanble fè yon travay konplè nan defini divès egzijans parapò a sèvis ak rannman, strikti ak mekanis sistèm kominikasyon yo, pwosesis siveyans lan, elatriye. Asire ke kontra a gen ladan l divès endikatè rannman ki abòde kesyon rannman bis yo parapò a ponktyalite yo ke n kapab mezire byen fasil, e rann vandè a ak manm pèsonèl li yo responsab dirèkteman pou l founi sèvis fyab bay elèv yo. Mezi rannman yo dwe gen ladan yo bagay suivan yo, men yo p ap limite a yo sèlman –
    - Rannman ponktyèl,
    - Vwayaj ki rate,
    - Rezilta antretyen/enspeksyon veyikil yo, ak
    - Konfòmite a rapòtaj sou finans ak statistik
-

# Mèsi Kesyon ak Repons

---